

BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN

Dina ieu bab dipedar ngeunaan: (1) Desain Panalungtikan, (2) Sumber Data, (3) Prosedur panalungtikan, (4) Instrumén Panalungtikan, (5) Analisis Data, (6) Téknik Ngolah Data, (7) Uji Sipat data, (8) Uji Normalitas, jeung (9) Uji Hipotésis.

3.1 Desain Panalungtikan

Métode dina panalungtikan ieu nyaéta ngagunakeun pamarekan kuantitatif kalawan métode kuasi ékspérimén. Nurutkeun Djaelani (2010) métode kuasi ékspérimén téh dina prak-prakanana minimal dua kali prosés ngukur kamampuh, anpon prosés éta téh ngawengku:

1. ngukur kamampuh nu mimiti, nyaéta saméméh ékspérimén dilaksanakeun;
2. ngukur nu pamungkas, nyaéta sanggeus ékspérimén dilaksanakeun.

Dumasar pedaran di luhur, dina ieu panalungtikan ngagunakeun desain *one group pre-test post-test design*. ieu métode téh dilarapkeun ka siswa dua kali lobana, nu mimiti pikeun ngukur kamampuh nulis aksara Sunda siswa kelas X-3 SMAN 18 Bandung taun ajar 2022/2023 saméméh ngagunakeun Modél Kooperatif Tipe Kartu Arisan jeung nu kadua, dilakukeun pikeun ngukur kamampuh nulis aksara Sunda siswa kelas X-3 SMAN 18 Bandung taun ajar 2022/2023 sanggeus ngagunakeun Modél Kooperatif Tipe Kartu Arisan. Ngukur kamampuh nulis aksara Sunda siswa saméméh ngagunakeun Modél Kooperatif Tipe Kartu Arisan ieu disebutna *pretest*, sedengkeun nalika ngukur kamampuh nulis aksara Sunda sanggeus ngagunakeun Modél Kooperatif Tipe Kartu Arisan disebutna *posttest*. Desain dina ieu panalungtikan ébréh dina katerangan di handap:

$$O_1 \text{ X } O_2$$

(Taniredja, 2012)

Katerangan:

O_1 : *Pretest*, nyaéta tés kamampuh nulis aksara Sunda nu dilakukeun saméméh ngagunakeun Modél Kooperatif Tipe Kartu Arisan

X : *Treatmen*, nyaéta perlakuan atawa prak-prakan pangajaran nulis aksara Sunda Teti Sakinah Purnamasari, 2023

MODÉL KOOPERATIF TIPE KARTU ARISAN DINA PANGAJARAN NULIS AKSARA SUNDA

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

ngagunakeun Modél Kooperatif Tipe Kartu Arisan

O₂: *Postest*, nyaéta tés kamampuh nulis aksara Sunda nu dilakukeun sanggeus ngagunakeun Modél Kooperatif Tipe Kartu Arisan

3.2 Sumber Data

Sumber data tina panalungtikan ieu téh nyaéta siswa kelas X-3 SMAN 18 Bandung Taun Ajaran 2022/2023. Data dina panalungtikan pangajaran nulis aksara Sunda dina wangun kuantitatif. Pernahna ieu sakola téh nyaéta di Jl. Madesa No.18, Kec. Bojongloa Kaler, Kota Bandung, Jawa Barat Madesa. Miboga akreditasi (A).


Nu jadi salah sahiji dadasar milih sakola X-3 SMAN 18 Bandung Taun Ajaran 2002/2023 nyaéta pangaweruh siswa dina mikawanoh Modél Kooperatif Tipe Kartu Arisan masih kurang. Ku kituna, perlu diayakeun panalungtikan pikeun ngukur kamampuh nulis aksara Sunda siswa ngagunakeun Modél Kooperatif Tipe Kartu Arisan anu miharep bisa ngaronjatkeun karep jeung kamampuh diajar siswa dina nulis aksara Sunda. di handap mangrupa jumlah tina sumber data dina ieu panalungtikan:

Tabél 3 1
Sumber Data Siswa Kelas X-3 SMAN 18 Bandung

| Kelas | Wanda Baga | Jumlah |
|---------------------|------------|--------|
| X-3 | Awéwé | 19 |
| | Lalaki | 14 |
| Jumlah siswa | | 33 |

3.3 Prosedur Panalungtikan

Prosedur dina ieu panalungtikan bakal dijelaskeun ngaliwatan bagan 3.1 ieu di handap:



Bagan 3.1

Prosedur Panalungtikan

Prosedur nu dilaksanakeun téh dipedar deui sacara jéntré di handap ieu:

a. Tatahar

Saméméh ngalaksanakeun ieu panalungtikan, panalungtik ngaidéntifikasi masalah, nu jadi masalah dina ieu panalungtikan nyaéta dina nulis aksara Sunda, anapon salajengna mah ngarumuskeun masalah, sarta nangtukeun métode nu rék digunakeun, tuluy diwatesanan. Panalungtikan ieu bakal dilaksanakeun dumasar rupaning tiori pikeun ngajawab masalah nu ditalungtik.

b. Ngalaksanakeun Panalungtikan jeung Ngumpulkeun Data

1) Ngalaksanakeun *Pretest*

Dina *pretest*, siswa dibéré soal aksara Sunda pikeun dijawab sangkan mikanyaho skor siswa saméméh ngagunakeun Modél Kooperatif Tipe Kartu Arisan

2) Ngalaksanakeun *treatment*

Ngalarapkeun Modél Kooperatif Tipe Kartu Arisan dina pangajaran aksara Sunda ka siswa

3) Ngalaksanakeun *Posttest*

Posttest mangrupa tés nu mana siswa dibéré soal aksara Sunda pikeun dijawab sangkan mikanyaho skor siswa sanggeus ngagunakeun Modél skor siswa sanggeus ngagunakeun Modél Kooperatif Tipe Kartu Arisan

c. Analisis Data

Sabada panalungtik ngaréngsékeun runtuyan panalungtikan, hasil nu geus dipeunteun satuluyna dianalisis antara kamampuh *pretest* jeung *posttest* naha aya béda anu signifikan dina pangajaran nulis aksara Sunda saméméh jeung sanggeus ngagunakeun Modél Kooperatif Tipe Kartu Arisan

d. Kacindekan

Dina ahir panalngtikan, tangtuna panalungtik nyieun kacindekan jeung saran pikeun ngungkulan masalah nu karandapan nalika panalungtikan lumangsung, sangkan panalungtik salajajengna teu ngarandapan hal nu sarua.

3.4 Instrumén Panalungtikan

Instrumén panalungtikan nu digunakeun dina ieu panalungtikan ngagunakeun tés sacara tinulis. Ieu tés téh miboga udagan pikeun ngukur kamampuh nulis aksara Sunda siswa kelas X-3 SMAN 18 Bandung taun ajar 2022/2023. Soal nu bakal dibikeun ka siswa téh mangrupa soal *essay* nu sarua nalika tés kamampuh nulis aksara Sunda saméméh ngagunakeun Modél Kooperatif Tipe Kartu Arisan (*Pretest*) jeung tés kamampuh nulis aksara Sunda sanggeus ngagunakeun Modél Kooperatif Tipe Kartu Arisan (*posttest*).

Sangkan ngaminimalisir bangbaluh dina nyusun instrumén tés, ku kituna kudu ngagunakeun kisi-kisi instrumén tés (Arikunto, 2018). Ieu di handap mangrupa instrumén panalungtikan nu leuwih dijéntrékeun dina kisi-kisi soal.

Tabél 3.2
Kisi-kisi Soal

| No. | Kompetensi Dasar (KD) | Matéri | Indikator Soal | Lével Kognitif | Jumlah Soal |
|-----|--|---|--|----------------|-------------|
| 1. | 4.7 <i>Mengkreasikan aksara Sunda sesuai dengan kaidah-kaidahnya.</i> | Aksara ngalagena, aksara swara, rarangkén, wilangan/angka | Disajikan kata dan kalimah sederhana, siswa dapat menyusun kembali dalam bentuk aksara Sunda | C6 | 10 |

Teti Sakinah Purnamasari, 2023

MODÉL KOOPERATIF TIPE KARTU ARISAN DINA PANGAJARAN NULIS AKSARA SUNDA

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Dumasar kana tabél 3.2 di luhur, ieu di handap mangrupa soal tés aksara Sunda saméméh jeung sanggeus ngagunakeun Modél Kooperatif Tipe Kartu

Tabél 3.3
Instrumén Panalungtikan

| Tés Kamampuh Nulis Aksara Sunda | |
|--|---------------------------|
| Pék salin kana aksara Sunda! | |
| 1. | Pangandaran |
| 2. | tangkal darajat |
| 3. | bangbung hideung |
| 4. | Tangkuban Parahu |
| 5. | Situ Bagendit |
| 6. | jalan layang |
| 7. | mitra Sunda |
| 8. | pupuh dangdanggula |
| 9. | Indung mah tunggul rahayu |
| 10. | 10 Januari 2001 |

3.5 Analisis Data

Analisis data téh nyaéta léngkah nu satuluyna sanggeus panalungtik meunangkeun data tina hasil *pretest* jeung *posttest*. Sanggeus data dibeuangkeun léngkah satuluyna nyaéta bakal meunteun hasil tés dumasar kana aspék-aspék nu dipeunteunna, tuluy hasil data tina kamampuh saméméh jeung sanggeus diolah pikeun néangan jawaban tina masalah ieu panalungtikan.

3.6 Téknik Ngolah Data

Kagiatan ngolah data téh kawilang penting dina ieu panalungtikan lantaran dina ngolah data bakal mangaruhan kana hasil panalungtikan. Aya sawatara tahapan dina nganalisis data, di antarana waé:

- a. Ngumpulkeun data kamampuh nulis aksara Sundasaméméh jeung kamampuh sanggeus;
- b. Mariksa hasil tés siswa dina kamampuh saméméh (*pretest*) jeung kamampuh sanggeus (*posttest*). Anapon kritéria skor nu bakal dipaké minangka patokan nalika meunteun nyaéta dina Tabél 3.4 di handap:

Tabél 3.4

Katégori Aspék-Aspék nu Dipeunteun

Teti Sakinah Purnamasari, 2023

MODÉL KOOPERATIF TIPE KARTU ARISAN DINA PANGAJARAN NULIS AKSARA SUNDA

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

| Aspék nu dipeunteun | Skor | Keterangan |
|----------------------------|-------------|---------------------------------|
| Aksara Swara | 1 | Teu saluyu (benerna 10%-19%) |
| | 2 | Kurang Saluyu (benerna 20%-39%) |
| | 3 | Sedeng (benerna 40%-59%) |
| | 4 | Saluyu (benerna 60%-79%) |
| | 5 | Saluyu Pisan (benerna 80%-100%) |
| Aksara Ngalagena | 1 | Teu saluyu (benerna 10%-19%) |
| | 2 | Kurang saluyu (benerna 20%-39%) |
| | 3 | Sedeng (benerna 40%-59%) |
| | 4 | Saluyu (benerna 60%-79%) |
| | 5 | Saluyu Pisan (benerna 80%-100%) |
| Rarangken | 1 | Teu saluyu (benerna 10%-19%) |
| | 2 | Kurang saluyu (benerna 20%-39%) |
| | 3 | Sedeng (benerna 40%-59%) |
| | 4 | Saluyu (benerna 60%-79%) |
| | 5 | Saluyu Pisan (benerna 80%-100%) |
| Wilangan | 1 | Teu saluyu (benerna 10%-19%) |
| | 2 | Kurang Saluyu (benerna 20%-39%) |
| | 3 | Sedeng (benerna 40%-59%) |
| | 4 | Saluyu (benerna 60%-79%) |
| | 5 | Saluyu Pisan (benerna 80%-100%) |

Diropéa tina Nurgiyantoro (dina Utami, 2018)

- c. Méré peunteun kana hasil tést kamampuh saméméh (*pretest*) jeung kamampuh sanggeus (*posttest*) dina pangajaran nulis aksara Sunda, ngagunakeun rumus ieu di handap:

$$P = \frac{\text{Skor } (a + b + c + d)}{\text{Skor Max} = 20} \times 100$$

- d. Nganalisis bédana kamampuh saméméh (*pretest*) jeung kamampuh sanggeus (*posttest*) satuluyna diasupkeun kana tabél nu geus disadiakeun.
- e. Sanggeus data diolah nepi meunangkeun kacindekan, tuluy panalungtikan disusun jadi laporan nu wangunna mangrupa skripsi.

Sabada aya katégori penilayan, di handap ieu tabél pikeun ngasupkeun data/peunteun siswa, nu eusina ngébréhkeun penteun ahir siswa dina kamampuh nulis aksara Sunda :

Tabél 3.5
Tabulasi Data Kamampuh Nulis Aksara Sunda

| Kamampuh Nulis | | | | | | | |
|------------------|---------------------|---|---|---|------|---|----------|
| No. Absén | Aspék nu dipeunteun | | | | | | Katégori |
| | A | B | C | D | Skor | P | |
| | | | | | | | |
| | | | | | | | |
| Σ | | | | | | | |
| Rata-rata | | | | | | | |

Keterangan :

A = aksara swara

B = aksara ngalagena

C = aksara rarangkén

D = aksara wilangan

P = peunteun

Σ = jumlah

Di handap ieu nu jadi katégori peunteun dina pangajaran nulis aksara Sunda:

Tabél 3.6
Katégori Peunteun Nulis Aksar Sunda Dumasar Kana KKM

Teti Sakinah Purnamasari, 2023

MODÉL KOOPERATIF TIPE KARTU ARISAN DINA PANGAJARAN NULIS AKSARA SUNDA

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

| Peunteun | Katégori |
|----------|------------|
| < 75 | Can Tuntas |
| > 75 | Tuntas |

- f. Salajengna sabada hasil data penteun siswa tos kainput, prosés satuluyna nyaéta ngalaksanakeun uji normalitas jeung uji t nu mana bakal ngagunakeun analisis statistik tur diolah dina aplikasi SPSS Ver. 26

3.7 Uji Sipat Data

Data kuantitatif dina panalungtikan ieu bakal dianalisis ngagunakeun analisis statistik tur diolah dina aplikasi SPSS (*Statistical Product and Service Solution*) Versi 26. Dina nguji sipat data dilaksanakeun ku cara uji normalitas jeung uji hipotesis kalawan nu dianalisisna nyaéta hasil *pretest* jeung *posttest* nu satuluyna dijabarkeun dina output hasil analisis SPSS.

3.8 Uji Normalitas

Dina ieu panalungtikan uji normalitas ngagunakeun uji *Shapiro-Wilk*. Uji normalitas dilaksanakeun keur nangtukeun naha data téh miboga sipat nu normal atawa henteu. Anapon runtuyan dina ngalaksanakeun uji normalitas, nyaéta:

- Buka program SPSS, klik *Variable View*, nu aya di juru kénca handap.
- Tuluy, dina bagéan *Name* tulis ku *pretest* jeung *posttest*, dina *Decimals* robah sakabéhna jadi angka 0, dina bagéan *Label* tuliskeun *pretest* jeung *posttest*, tuluy antepkeun nu séjénna.
- Sanggeus kitu,. Klik *Data View*, jeung asupkeun data *pretest* jeung *posttest* nu geus disiapkeun, bisa ku cara di *copy-paste*.
- Satuluyna, klik *analyze* tuluy pilih *Descriptive Statistic* laju pilih *Explore*
- Satuluyna muncul kotak dialog *Explore*, tuluy kana mindahkeun data *pretest* jeung *posttest* kana *Dependent list* ku cara klik tanda panah.
- Pilih bagian *plots*, bakal muncul kotak dialog *Explore plots*, , tuluy céntang *Normality plots with tes*, tuluy klik *continue*.
- Dina bagéan *display*, céntang *both*, tuluy klik ok.
- Nu pamungkas nyaéta klik OK pikeun mungkas paréntah, satuluyna tingali tampilan *Output*, tuluy interpretasikeun sangkan leuwih jéntré.

Teti Sakinah Purnamasari, 2023

MODÉL KOOPERATIF TIPE KARTU ARISAN DINA PANGAJARAN NULIS AKSARA SUNDA

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Cara nyindekeun dina uji normalitas Sapiro-Wilk nyaéta:

- saupama nilai Sig. > 0,05, mangka data éta distribusiana norma;
- saupama nilai Sig. < 0,05, mangka data éta distribusina teu normal.

3.9 Uji Hipotésis

Uji hipotésis dina ieu panalungtikan nangtukeun naha ditarima atawa henteuna hipotésis nu dianalisis ku software SPSS Versi 26. Pikeun nangtukeun uji hipotésis bisa dilakukeun ku dua cara, nyaéta : saupama hasil data nunjukeun distribusi anu normal mangka dina nangtukeun hipotésisna ngagunakeun statistik *parametric* kalawan ngagunakeun *t-test*; sedengkeun, saupama data nu diujina miboga distribusi nu teu normal, mangka pikeun nguji hipotésisna ngagunakeun hipotésis *non-parametric* kalawan ngagunakeun *Wilcoxon match pair test*. Anapon hipotésis dina ieu panalungtikan ngagunakeun hipotésis:

Ho (Hipotésis nol) : Teu aya béda anu signifikan antara kamampuh nulis aksara Sunda siswa kelas X-3 SMAN 18 Bandung taun ajar 2022/2023 saméméh jeung sanggeus ngagunakeun Modél Kooperatif Tipe Kartu Arisan.

Ha (Hipotesis alternatif): Aya béda anu signifikan antara kamampuh nulis aksara Sunda siswa kelas X-3 SMAN 18 Bandung taun ajar 2022/2023 saméméh jeung sanggeus ngagunakeun Modél Kooperatif Tipe Kartu Arisan

Ieu di handap sawatara léngkah pikeun Uji bébédaan rata-rata ngagunakeun statistik *parametric* jeung statistik *non-parametric* ngagunakkeun SPSS Ver. 26.

| STATISTIK PARAMETRIC | STATISTIK NON-PARAMETRIC |
|---|---|
| a) Buka lembar kerja SPSS, klik <i>Variable View</i> , dina bagéan <i>Name</i> ketik <i>Pretest</i> jeung <i>Posttest</i> , kolom nu séjénna teu perlu dirobah. | a) Buka lembar kerja SPSS, klik <i>Variable View</i> , dina bagéan <i>Name</i> ketik <i>Pretest</i> jeung <i>Posttest</i> , kolom nu séjénna teu perlu dirobah. |

Teti Sakinah Purnamasari, 2023

MODÉL KOOPERATIF TIPE KARTU ARISAN DINA PANGAJARAN NULIS AKSARA SUNDA

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

| STATISTIK <i>PARAMETRIC</i> | STATISTIK <i>NON-PARAMETRIC</i> |
|---|--|
| <p>b) Klik <i>Data View</i>. Asupkeun data hasil diajar siswa nu geus ka kumpul kana kolom <i>Pretest</i> jeung <i>Posttest</i>.</p> <p>c) Satuluyna, tina menu bar nu aya dina SPSS klik Menu <i>Analyze</i>, tuluy pilih <i>Compare Means</i>, tuluy klik <i>Paired-Sample T Test</i></p> <p>d) Bakal muncul kotak dialog ngarana <i>Paired-Sample T Test</i>, tuluy klik dina data <i>Pretest</i>, klik tombol nu aya pikeun ngasupkeun data <i>Pretest</i> jeung data <i>Posttest</i> kana kotak belah katuhu (<i>Paired Variables</i>).</p> <p>e) Sanggeus sakabéh prosedur cara ngalaksanakeun uji paired sample t test ngagunakeun SPSS Ver.26 geus dilaksanakeun sacara telik, léngkah nu pamungkas nyaéta klik OK. Mangka bakal muncul <i>Output SPSS</i> (hasil tina uji paired sample t test).</p> | <p>b) Klik <i>Data View</i>. Asupkeun data hasil diajar siswa nu geus ka kumpul kana kolom <i>Pretest</i> jeung <i>Posttest</i>.</p> <p>c) Satuluyna, tina menu bar nu aya dina SPSS klik Menu <i>Analyze</i>, tuluy pilih <i>Nonparametric-Test</i>, tuluy klik <i>Legacy Dialogs</i>, tuluy pilih 2 <i>Relatid Samples</i>.</p> <p>d) Satuluyna muncul kotak dialog, pindahkeun <i>pretest</i> kana variable 1 jeung <i>posttest</i> kana variable 2, céntang <i>Wilcoxon</i>.</p> <p>e) Sanggeus sakabéh prosedur dilaksanakeun gagunakeun SPSS Ver.26 sacara telik, léngkah nu pamungkas nyaéta klik OK. Mangka bakal muncul <i>Output SPSS</i>.</p> |

Anapon nu jadi dadasar dina nyindekeunana nyaéta ieu di handap:

- saupama niléy Signifikansi atawa Sig. (2-tailed) > 0,05, mangka Ho ditarima jeung Ha ditolak, sedengkeun;
- saupama niléy Signifikansi atawa Sig. (2-tailed) < 0,05, mangka Ho ditolak jeung Ha ditarima.

Teti Sakinah Purnamasari, 2023

MODÉL KOOPERATIF TIPE KARTU ARISAN DINA PANGAJARAN NULIS AKSARA SUNDA

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu